

AVI OPÒTINITE POU OPINYON PIBLIK pou PASSAIC VALLEY SEWERAGE COMMISSION

PWOJÈ MODIFIKASYON ENPÒTAN NAN PÈMI FONKSYÒNMAN NAN KAD TIT V

Enterè nan Pwogram nan (PI): 07349 / Nimewo Aktivite Pèmi: BOP210002

Depatman Pwoteksyon Anviwònman Eta New Jersey (New Jersey State Department of Environmental Protection, NJDEP) an ap chèche konnen opinyon piblik la sou entansyon li genyen pou l apwouve yon Modifikasyon nan Pèmi Fonksyònman Kontwòl Polisyon ki site an referans lan daprè dispozisyon Tit V Lwa Federal "Clean Air" (Lè Pwòp), règleman federal ki pibliye nan atik 40 CFR 70, ansanm ak règleman eta yo pibliye nan N.J.A.C. yo. 7:27-22.

NJDEP ap planife pou l òganize yon odyans piblik sou pwojè pèmi sa a nan dat 1ye oktòb 2024 nan Sport Club Portuguese, 55 Prospect Street nan Newark, NJ. Odyans piblik la pral kòmanse a 5:30 PM epi l ap fini a 9:30 PM. Yon opsyon prezans vityèl disponib atravè <https://bit.ly/PVSCAirPermit24>.

ENFÒMASYON SOU ETABLISMAN

Passaic Valley Sewerage Commission chita kò l nan 600 Wilson Avenue, Newark, Essex County, NJ 07105. Passaic Valley Sewerage Commission se yon pwopriyete piblik li ye.

OBJEKTIF ODYANS SA A

NJDEP te fin fè revizyon teknik li sou demann pèmi enstalasyon an pou konfòme li ak lwa epi ak règleman Eta ak Federal pou kontwòl polisyon ki gen nan lè a. Objektif odyans sa a se pou jwenn opinyon piblik la sou yon pwojè Pèmi Fonksyònman pou kontwòl polisyon lè a pou enstalasyon an dapre N.J.A.C. 7:27-22,11. NJDEP te deja revize demann sa a pou konfòmite ak pwosesis revizyon jistis anviwònmantal (environmental justice, EJ) ki tabli nan Dekrè Administratif NJDEP a, Nimewo 2021-25 (AO 2021-25) epi li te pibliye yon Desizyon EJ nan dat 18 jiyè 2024 ki pèmèt enstalasyon an kontinye ak aplikasyon li fè pou l jwenn yon pèmi operasyon kontwòl polisyon lè selon kondisyon espesyal ki egziste epi ki la pou diminye pwoblèm anviwònman ak sante piblik yo. Objektif odyans sa a se pou jwenn opinyon piblik sou pwojè Pèmi Operasyon an, epi tou pou konnen si kondisyon espesyal yo te byen entegre nan pwojè pèmi a. Odyans sa a pa fèt pou chèche jwenn opinyon piblik sou revizyon oswa desizyon nan kad ansyen Jistis Anviwònmantal (EJ) a.

REVIZYON AK DESIZYON ANSYEN JISTIS ANVIWÒNMANTAL LA

Kòm etablisman sa a sitiye nan yon kominate ki gen anpil difikilte, etablisman an dwe konfòme l ak pwosesis revizyon EJ ki tabli nan atik AO 2021-25 la ki li menm gen entansyon pou l fasilité angajman enpòtan ant moun ki aplike pèmi yo ak rezidan ki idantifye opòtinite pou evite oswa diminye pwoblèm negatif sou anviwònman an oswa sou sante piblik nan kominate ki gen difikilte yo. Yon odyans ki fèt egzakteman pou yon EJ se yon eleman nan pwosesis revizyon EJ a. Sa k pi enpòtan an, yon odyans EJ se yon bagay apa, li se yon opsyon anplis, epi li fèt anvan pwosedi opinyon piblik ki aplikab pou pwojè pèmi kontwòl polisyon lè ki dekri nan N.J.A.C. 7:27-22,11.

Enstalasyon sa a te fè yon odyans espesyal pou yon EJ nan dat 26 avril 2022 epi li te rive akonpli pwosedi revizyon EJ ki obligatwa selon atik AO 2021-25 la. Nan dat 18 jiyè

AVI OPÒTINITE POU OPINYON PIBLIK pou PASSAIC VALLEY SEWERAGE COMMISSION

PWOJÈ MODIFIKASYON ENPÒTAN NAN PÈMI FONKSYÒNMAN NAN KAD TIT V

Enterè nan Pwogram nan (PI): 07349 / Nimewo Aktivite Pèmi: BOP210002

2024, NJDEP te pibliye yon Desizyon sou yon EJ ki te enpoze kondisyon espesyal nan lide pou diminye pwoblèm anviwomantal ak sante piblik ki afekte kominote ki gen anpil pwoblèm yo; kondisyon espesyal sa yo dwe entegre nan pèmi oswa apwobasyon NJDEP fè soti pou etablisman an. Desizyon EJ an ansanm ak materyèl pwosesis AO 2021-25 lan disponib nan <https://dep.nj.gov/ej/meetings/#essex>.

PWOSESIS AK ENFÒMASYON SOU EMISYON ATMOSFERIK YO

Pou jwenn enfòmasyon sou pwosesis enstalasyon an ansanm ak emisyon kontaminan atmosferik yo, tanpri al gade Deklarasyon Debaz ki disponib sou paj entènèt sa a nan <https://dep.nj.gov/boss/public-notices/>.

OPINYON PIBLIK AK ENFÒMASYON KONTAK

Yo afiche avi piblik sa a, deklarasyon debaz la, ansanm ak pwojè pèmi a sou sit entènèt Biwo Sous Estasyonè NJDEP an. <https://dep.nj.gov/boss/public-notices/>. Nenpòt moun ki pa kapab jwenn yon kopi dokiman pèmi yo ak nenpòt materyèl prèv sou sit entènèt ki pi wo a kapab rele nan 609-292-6722 pou yo jwenn plis asistans.

Tout moun, san wete moun k ap aplike an, ki kwè nenpòt kondisyon ki egziste nan pwojè Pèmi Operasyon Polisyon Lè a oswa desizyon pwovizwa NJDEP pran pou I apwouve pèmi sa a pa apwopriye, dwe fè konnen tout pwoblèm rezonab ki enkyete yo epi yo dwe soumèt tout agiman ak baz reyèl oswa materyèl ki kanpe dèyè pozisyon yo pandan peryòd opinyon piblik la.

Nenpòt kòmantè sou bouyon pèmi sa a dwe resewva jan sa a:

DAT : 5:00 PM nan dat 29 oktòb 2024,

IMEL: Kevin Greener nan Kevin.Greener@dep.nj.gov; oswa

LAPÒS: Kevin Greener, NJDEP, 401 E State Street, 2nd Floor, PO Box 420, Mail Code 401-02, Trenton, NJ 08625-0420.

ODYANS PIBLIK

Selon disponzisyon ki nan N.J.A.C. 7:27-22.11, NJDEP pral fè yon odyans piblik sou pwojè pèmi a:

DAT: 1ye Oktòb 2024

LÈ: 5:30 PM rive 9:30 PM

KI KOTE: Sport Club Portuguese 55 Prospect Street, Newark, NJ Oswa Vityèlman nan

<https://bit.ly/PVSCAirPermit24>

NJDEP pral aksepte opinyon alekri epi aloral yo nan moman odyans piblik la. Nou ankouraje nenpòt moun ki enterese pale nan odyans piblik la oswa ki entèrese patisipe nan odyans lan vityèlman pou yo enskri alavans. Ou kapab enskri anliy nan <https://forms.office.com/g/binaeyVww5>. Osinon, si w pa gen aksè jwenn yon aparèy

AVI OPÒTINITE POU OPINYON PIBLIK pou PASSAIC VALLEY SEWERAGE COMMISSION

PWOJÈ MODIFIKASYON ENPÒTAN NAN PÈMI FONKSYÒNMAN NAN KAD TIT V

Enterè nan Pwogram nan (PI): 07349 / Nimewo Aktivite Pèmi: BOP210002

elektwonik, tanpri rele nan 609-292-6722 pou benefisyé plis asistans pou w enskri nan lide pou w pale nan odyans piblik la. Si moun ki patisipe nan odyans lan vle pale men yo pa enskri alavans, reyinyon an ap kontinye jiskaske tout moun ki prezan yo vin jwenn opòtinite pou prezante opinyon pa yo.

Moun k ap bay opinyon yo ta dwe santi yo lib pou yo pale oswa bay opinyon yo alekri nan lang yo pi pito a.

Odyans sa pa yon sesyon kote moun ap poze kesyon epi y ap reponn yo, men pito se yon opòtinite pou moun ki enterese yo bay opinyon pa yo sou pwojè pèmi a. Se poutèt sa, reprezantan NJDEP yo p ap reponn kesyon teknik yo poze nan odyans piblik la, men olye sa, yo pral koute ak anpil atansyon epi pran nòt sou opinyon aloral yo pou yo kapab adrese chak pwoblèm ki ta genyen avèk presizyon nan yon dokiman Repons pou Opinyon. Chak moun ki bay opinyon yo pral gen omwen twa (3) minit pou yo pale. Yo pral anonse kantite tan egzak ki disponib pou chak oratè nan odyans lan. Odyans piblik la pral anrejistre an vidyeo epi ap gen yon estenograf andirèk pou li tou.

NJDEP pral egzaminen epi reponn tout opinyon ki soumèt alekri epi alè yo; li pral reponn nan lang anglè epi nan lang oriijinal moun ki bay opinyon an, si sa diferan. NJDEP ap konsidere tout temwayaj aloral yo ansanm ak opinyon ki soumèt alè yo menm jan an. Aplikan an, ansanm ak chak moun ki te enskri, pale, ak/oswa soumèt opinyon yo alekri, pral resevwa yon avi sou desizyon final NJDEP konsènan modifikasyon nan Pèmi Fonksyònman yo ansanm ak yon kopi dokiman Repons pou Opinyon yo.